



KONNEN ANVAN OU ALE

Se pa tout founisè ni tout etablisman ki pran tout tip plan sante. Verifye ak biwo a anvan randevou a pou asire w ke yo aksepte pasyan ki gen kouvèti ou a.

Diferans ki Gen ant Biwo Founisè w la ak Depatman Ijans

Founisè Swen Prensipal	Depatman Ijans
W ap peye Kopèman swen prensipal ou a, si w genyen youn. Li ka koute w ant \$ 0 ak \$ 50.	Ou ap gen plis chans peye yon kopèman, koasirans, epi ou gen pou satisfè dediktib ou a anvan plan sante ou a peye pou depans ou yo, sitou si se pa yon ijans. Kopèman w lan ka ant \$50 ak \$150.
Ou ale lè ou santi ou malad ak lè ou santi ou byen.	Ou ta dwe ale sèlman lè w blese oswa malad anpil.
Ou rele davans pou pran yon randevou.	Ou parèt lè ou bezwen epi ou tann jiskaske ou ka pase.
Ou ka fon ti ret tann tou piti pou w wè founisè a apre w rive. Men anjeneral yo ap wè w nan lè randevou w la.	Ou ka tann plizyè èdtan anvan yo wè w si se pa yon ijans.
Anjeneral w ap wè menm founisè a chak fwa.	Ou ap wè founisè ki ap travay pou jou sa a.
Founisè w la anjeneral ap gen dosye sante w.	Founisè ki wè w la pwobableman p ap gen aksè ak dosye sante w yo.
Founisè w la travay avèk ou pou pran swen maladi kwonik ou yo ak sante w anjeneral.	Founisè a ka pa konnen ki maladi kwonik ou genyen.
Founisè w la ap tcheke lòt domèn sante w, pa sèlman pwoblèm ki te mennen w nan jou sa a.	Founisè a ap tcheke sèlman pwoblèm ijan ou te vini pou trete a, men li ka pa poze kesyon sou lòt enkyetid.
Si w bezwen wè lòt founisè oswa jere swen w, founisè swen prensipal ou a ka ede w fè yon plan, jwenn medikaman w yo, epi jwenn espesyalis.	Lè vizit ou a fini, w ap jwenn enstriksyon pou w fè yon suivi ak founisè w la. Ka pa gen okenn sipò pou suivi.

E pou swen ijans lan?

Nan kèk zòn, ou kapab ale nan yon Sant Swen ijan. Rele plan sante w la anvan ou ale pou w konnen konbyen wap gen pou w peye Anjeneral, Sant Swen ijan yo ka gen yon orè ki pi fleksib oswa vizit san randevou epi yo kapab jere plizyè vizit pou malad ak lòt tip swen. Sepandan, swen ijan anjeneral gen yon kopèman oswa koasirans ki pi wo pase biwo founisè a, epi ou ka pa wè menm founisè a chak fwa. Ou ka pataje dosye medikal yo nan vizit swen ijan yo ak founisè swen prensipal ou a pou founisè w la gen tout enfòmasyon sou sante w.

go.cms.gov/c2c

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini peye pou sa.
Dat Revizyon: Me 2022 Piblikasyon #11817-HC

